



Pou Piblikasyon Imedya: 03/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DMV AP SEVI AK NOUVEL TEKNOLOJI POU PRAN MEZI REPRESIF KONT KONSOMASYON ALKÒL MINÈ

DMV Premye nan Nasyon an pou Pilote yon Nouvo Pwogram

Yon Pwogram Nouvèl Teknoloji Sipòte ke Yon Konpayi ki Baze nan New York te Devlope

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia ke Depatman Veyikil Motorize (Department of Motor Vehicles, DMV) Eta New York te lanse yon pwogram pilòt k ap sèvi ak teknoloji ki pi modèn yo pou pran mezi represif kont konsomasyon alkòl minè ak fo kat Idantifikasyon. Teknoloji sa a ke konpayi ki baze nan New York, Intellicheck Inc., te devlope, ki disponib sèlman pou fè respekte lalwa, pèmèt investigatè yo eskane yon lisans oswa yon kat Idantifikasyon ak aplikasyon “Law ID” Intellicheck la sou telefòn entèlijan investigatè a epi fè li koreskonn ak dosye sikilasyon ki genyen nan tout 50 eta yo. Nan kèk segonn, investigatè yo pral konnen si yon kat Idantifikasyon otantik ou pa. New York se premye eta nan peyi a k ap teste yon pwogram konsa.

“Moun minè ki ap bwè alkòl yo kapab pran move desizyon epi ka tonbe nan sitiasyon ki ka vin petèt afekte tout lavi yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen fyè dèske m ap lanse pwogram pilòt sa a k ap kapitalize sou nouvo teknoloji ki kaptivan ki devlope la a nan Empire State epi ki pral ede nan efò pou pran mezi represif kont konpòtman iresponsab ak danjere sa a.”

Pandan ane a, investigatè DMV yo prezan nan konsè ak ba yo nan Eta New York pou verifye idantifikasyon ak anpeche sa ki genyen mwens ke 21 ane achte alkòl. Sou non Kanpay Operasyon Prevansyon (“Operation Prevent”), DMV ap travay an kolaborasyon rapwoche ak Otorite Likè Eta a (State Liquor Authority), Polis Eta a (State Police), ak Polis Pak Eta a (State Park Police), ak tout ranfòsman lalwa nan efò sa a. Depi kòmansman ranfòsman sezon ete a, yo gentan arete 211 moun pou posesyon fo idantifikasyon oswa tantativ konsomasyon alkòl pandan yo gen laj ki enferyè ak laj eta egzije a.

Pandan l ap dirije aktivite Operasyon Prevansyon yo, investigatè DMV yo souvan rankontre endividi ki genyen pi piti laj ak fo, ansanm ak lisans oswa kat Idantifikasyon andeyò eta a. Itilizasyon aplikasyon “Law ID” pral pèmèt investigatè DMV yo konnen imedyatman si yon lisans oswa kat Idantifikasyon andeyò eta a otantik.

Yo te fè arestasyon ki vini annapre yo an Jwen ak Jiyè:

Rejyon Kapital - 70 arestasyon nan Saratoga Performing Arts Center

- 9 Jwen, investigatè DMV ak Polis Pak Eta New York te arete 27 moun ak chaj posesyon fo idantifikasyon nan konsè Kendrick Lamar la.
- 7 Jiyè, yon fwa ankò investigatè DMV te mete ansanm ak Polis Pak Eta a nan Rascal Flatts konsè a. Detay la te debouche sou 6 arestasyon pou posesyon fo idantifikasyon.
- 13 Jiyè, yo te arete 1 moun pandan konsè Dave Matthews Band lan pou posesyon fo idantifikasyon.
- 15 Jiyè, yo te arete 9 moun nan konsè Jason Aldean nan pou posesyon fo kat Idantifikasyon.
- 25 Jiyè, investigatè yo te chaje 27 moun ak posesyon yon fo idantifikasyon nan konsè Wiz Khalifa ak Rae Sremmurd la. Yo atann gen de arestasyon ki pral fèt.

New York Santral - 21 arestasyon nan St. Joseph's Health Amphitheater nan Lakeview

- 7 Jwen, investigatè DMV te travay ak Depatman Cherif Konte Onondaga pandan konsè Kenny Chesney epi te arete 9 moun.
- 23 Jwen, investigatè DMV ak Depatman Cherif Konte Onondaga yo te arete 6 moun pandan konsè Zac Brown nan.
- 30 Jwen, investigatè DMV yo ak Depatman Cherif Konte Onondaga yo te arete 6 moun pandan konsè Brad Paisley/Kane Brown nan.

Finger Lakes - 9 Arestasyon

- 30 Jwen, investigatè DMV ak Polis Eta New York, te arete 9 moun nan Rochester pandan yo t ap eseye sèvi ak fo idantifikasyon. Investigasyon yo te nan Filger's East End ak Murphy's Law.

Long Island - 21 Arestasyon

- 30 Jiyè, investigatè DMV te mennen yon Operasyon Prevansyon nan Northwell Health at Jones Beach Theater pandan konsè Keshha a. Kòm rezilta, yo te chaje 21 endividi pou posesyon fo idantite. An total, yo te konfiske 30 dokiman, 29 ladann te fo. Gen nèf moun ki te abandone dokiman yo avan yo te envoke yo.

Lwès New York - 90 arestasyon nan Etablisman Konsè Darien Lake (Darien Lake Concert Facility)

- 24 Jwen, investigatè DMV yo ak Depatman Cherif Konte Genesee yo te mennen yon ranfòsman Operasyon Prevansyon pandan prestasyon Zac Brown Band nan. Kòm rezilta detay sa a yo te arete 44 moun.

- 3 Jiyè, yo te arete 27 moun pandan konsè Logic la. Envestigatè DMV yo te travay ak Depatman Cherif Konte Genesee a.
- 22 Jiyè, investigatè DMV ak Depatman Cherif Konte Genesee yote arete 19 moun nan konsè Kesha ak Macklemore la.

Terri Egan, ki se Komisè Egzekitif Adjwen DMV ak Prezidan Pwovizwa Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor’s Traffic Safety Committee), te deklare, “Ak asistans teknoloji inovatè, nou pi kapab kenbe chofè ki potansyèlman danjere andeyò wout yo, sa ki ka vin fè san danje pou tout itilizatè yo. N ap prezan nan konsè yo pandan tout ete a, epi nou vle moun pwofite yo nan fason responsab. Pa bwè pandan w ap kondui, pa eseye achte alkòl lè w pa ase gran, epi pa janm eseye kite moun sèvi ak lisans ou pou achte byè oswa lòt bwason alkolik”.

Direktè Egzekitif Jeneral Intellicheck Bryan Lewis, te di, “Law ID bay, otantifikasyon idantifikasyon egzat epi jwenn aksè dosye DMV ke investigatè yo bezwen pou fè fas ak defi yo genyen pou yo leve chak jou yo. Solisyon teknoloji dènye kri sa a bay sekirite siyifikatif, avantaj ekonomi lajan ak tan k ap fè yon diferans enpòtan pou depatman an ak sitwayen New York yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)